

Jistis ak Lapè Achidyosèz Pòtoprens

Sekretarya Achidyosèz Pòtoprens
56, Ri Pikan ak Lama
Pòtoprens - Ayiti

nan kolaborasyon ak

Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè Commission Episcopale Nationale Justice et Paix

Secrétariat national
BP 1572
Port-au-Prince Haïti 6110
Tel 29 43 00 79
justicepaixha@yahoo.com
www.forumcitoyen.org.ht/jilap

**Vyolans nan lari zòn metwopolitèn nan
*Violence dans la zone métropolitaine de Port-au-Prince***

JE WÈ, BOUCH FÈT POU PALE

Mwa Oktòb rive Desanm 2014

53

*Texte en français : voir pages 3,13-19
En cas de citation du rapport, veuillez indiquer la source*

Lèt toulouvri pou tout otorite sivil, otorite lajistis ak lapolis nan peyi a.

Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè, nan tèt ansanm ak Komisyon Jistis ak Lapè Achidyosèz Pòtoprens, salye n ak anpil respè. Se ak anpil kè sote l ap prezante 53 zyèm rapò sou zak vyolans nan zòn metwopolitèn nan. Rapò sa a rann kont sou jan sa te ye soti oktòb rive desanm 2014.

Li byen klè nan plizyè katye popilè tankou Site Solèy, Simon-Pele, Lasalin, Kafou elatriye ak nan anpil lòt kote nan zòn metwopolitèn nan anpatikilye Sant vil la, zak dechèpiye moun nan lari vini yon reyalite ki bay gwo lafyèv. Bandi yo opere alèz san kè sote. Asasinay yo menm rive atenn plis pase 3 chak jou. Prèske tout asasinay sa yo, se ak zam afe yo fè yo.

Vyolans ak asasinay anndan katye popilè yo montre gwo jwèt politisyen ak otorite nan Leta ap fè pou jere oubyen pran pouvwa. Gang yo ki pa sispann teworize popilasyon an montre fòs yo k ap ranfòse chak jou anba drapo enpinite. Konsa, lavi sitwayen yo pi menase lè Leta pa ka rive mete lòd nan zak grav sa yo. Otorite yo ak lapolis pa devlope ase vijilans rapid pou kontre zak vyolans sa yo ki lakòz anpil dlo nan je nan sosyete a.

Avan lontan, peyi a pral antre nan pwosesis eleksyon pou renouvle pèsònèl politik enstitisyon li yo. Men nou wè anpil politisyen toujou itilize vyolans. N ap poze kesyon : Poukisa se chimè, zenglendo ak bandi legal ki mete règwèt la ?

Komisyon Jistis ak Lapè pa ka konprann pawòl pwopagann otorite yo ap devlope pandan reyalite sou teren an grav, lè n gade kantite moun k ap sibi zak vyolans. Ki jan pou konprann feblès lapolis ki fè l pa ka ranpli misyon l kòm sa dwa ? Lajistis livre sitwayen yo bay malfektè olye li pwoteje yo. Bagay yo tris anpil. Kiyès ki gen enterè pou bak peyi a sonbre nan vyolans pi plis chak jou ?

Komisyon Jistis ak Lapè rete kwè chanjman posib si chak aktè mennen aksyon ki kòrèk, lè chak moun ki gen responsablite l pran l ak de men l, pou asire lavni peyi a ak lespwa pou tout pitit li.

Sekretarya Komisyon an remèsye tout sèvis Leta yo ki te pèmèt li verifye kèk enfòmasyon ki la a, tankou HUEH ak PNH. Komisyon an salye n ak anpil respè, epi li deja ap di n mèsè pou bonjan atansyon n ap bay 53yèm rapò sila a.

Lettre ouverte aux autorités civiles, judiciaires et policières du pays

La Commission Episcopale Nationale Justice et Paix, en collaboration avec la Commission Justice et Paix de l'Archidiocèse de Port-au-Prince vous saluent respectueusement. C'est avec beaucoup de préoccupation qu'elle présente son 53^{ième} rapport sur la violence dans la zone métropolitaine. Ce rapport rend compte sur les faits qui se sont déroulés au cours des mois octobre à décembre 2014.

Il est hors de toute discussion que dans plusieurs quartiers populaires comme Cité Soleil, Simon-Pelé, la Saline et autres endroits de la zone métropolitaine, particulièrement le Centre ville, les agressions faites aux gens deviennent une réalité qui préoccupe tout le monde. Les bandits opèrent sans peur, ils se sentent très à l'aise. Les victimes mortelles dépassent le nombre de trois par jour, et la majorité de ces assassinats, sont perpétrés avec des armes à feu.

La violence et les assassinats dans les quartiers montrent le jeu mené par les politiciens et les autorités de l'Etat pour gérer ou bien pour prendre le pouvoir. Les gangs qui n'ont jamais cessé de traumatiser la population, augmentant leurs forces quotidiennement sous le drapeau de l'impunité. Ainsi la vie des citoyens et citoyennes est menacée lorsque l'Etat ne réussit pas à mettre de l'ordre pour gérer ces actes graves. Les autorités et la police ne développent pas vraiment de vigilance pour empêcher les actes de violences qui affectent la population.

Bientôt le pays entrera dans un processus électoral pour le renouvellement du personnel politique de ses institutions. Mais nous constatons que plusieurs de nos politiciens cherchent toujours à se servir de la violence. On se demande : Pourquoi se sont les chimères, les zenglendo (sanguinaires) et les bandits légaux qui édictent les règles du jeu ?

La Commission Justice et Paix ne comprend pas du tout les discours propagandistes des autorités alors que sur le terrain la situation est vraiment intenable. Comment comprendre la faiblesse de la police qui l'empêche de remplir sa mission correctement ? La Justice protège les malfaiteurs au lieu de protéger les citoyens et citoyennes. La situation est triste. Qui a de l'intérêt pour que le pays sombre dans la violence chaque jour un peu plus ?

La Commission Justice et Paix croit que le changement est toujours possible si chaque acteur mène des actions correctes, si chacun reconnaît sa responsabilité pour construire l'avenir du pays et donner de l'espoir à chacun de ses fils et filles.

Le Secrétariat de la Commission remercie les instances de l'Etat qui lui ont permis de vérifier certaines informations ou données, comme l'HUEH et la PNH. La Commission vous salue et vous remercie du bon accueil que vous réserverez à ce 53^{ième} rapport.

Mme Jocelyne Colas NOEL, Directrice Nationale

Jocelin Renord, Secrétaire général Jilap Achipo

Rovelsond APOLLON, av, Responsable d'observation

Fason nou analize vyolans nan Pòtoprens

Tableau synthèse de la violence à Port-au-Prince

		Mwa oktòb 88 viktim	Mwa novanm 93 viktim	Mwa desanm 103 viktim
1. Sou idantite viktim yo				
Polis ak ajan sekirite ki viktim		1 polisye	1 polisye	2 polisye
Fanm ki viktim		4 fanm	6 fanm	5 fanm
Timoun ki viktim		-	-	-
Viktim yo pa konnen kilès yo ye		30	19	32
2. Sou lakòz lanmò yo				
Moun ki mouri ak bal		82	76	94
	Moun ki mouri ak bal lapolis/ Minustah	-	-	-
	Moun ki mouri nan afwontman ak polis / Ministah	-	-	-
	Moun ki mouri ak bal bandi ki nan gang	13	5	4
	Viktim afwontman ant gang	-	1	-
	Moun ki mouri ak bal nèg ak zam yo pa rive idantifye	69	69	90
Moun ki touyetèt yo		1	1	-
Moun ki mouri ak zam blanch, wòch, fè, baton ak manchèt		2	3	1
Moun ki mouri nan aksidan + dife		3	7 +2	5+2
Moun ki mouri nan move tan		-	3	-
Lòt kòz ak sa yo pa konnen		-	1	1
3. Sou kèk katye : ki kote				
Bèlè, zòn Dèlma 2 ak 4, Fò Nasyonal ak Solino		5	3	5
Lasalin, Site Solèy, wout Nasyonal # 1 ak zòn Site Militè		9	13	8
Zòn Kafou		7	10	11
Gran Ravin ak Matisan		2	7	6
Petyonvil, wout Frè		3	5	6
Yo pa konn zòn nan / mouri lopital		3	1	8
4. Sou kèk lòt sikonstans				
Moun ki mouri sou etikèt vòlò		2	-	-
Etikèt kidnapè/bandi		-	-	-

Nòt sou tablo a :

Lè n di moun ki mouri ak bal gang, se paske enfòmasyon yo te konfime l.

Pami moun yo touye anba bal nèg yo pa idantifye, gen anpil moun se gang ki asasinan yo, men pa t gen konfimasyon klè nou te jwenn nan sans sa a.

Nan kèk katye tankou Site Solèy, sanble yo antere kadav apre krim nan fin fèt. Konsa moun disparèt, san yo pa kite tras. Konsa nou gen dwa di : reyalite vyolans la pi mal anpil pase sa chif yo montre.

Concernant le tableau :

L'indication « mort par balles de gang » signifie que l'information a été confirmée comme telle.

Parmi les personnes « mortes par balles de personnes non identifiées », on peut présumer qu'il y a de nombreuses victimes de gang, mais les informations obtenues ne le confirment pas.

Dans certains endroits, comme à Cité Soleil, il semblerait que des cadavres sont enterrés ; ainsi ils ne laissent pas de traces. Cela nous permet de dire que la réalité de la violence doit être beaucoup plus terrible que ce qui apparaît dans les chiffres.

Analiz ak kòmantè sou 53 zyèm rapò sou vyolans nan zòn metwopolitèn nan

Ki sa ki atire atansyon n pandan trimès la

Komisyon Episkopal National Jistis ak Lapè a dokimante 284 ka moun ki viktim anba vyolans, 252 pami yo se bal ki touye yo (sa vle di 88,73 pou chak 100 viktim).

Van vyolans lan pa sispann soufle nan zòn metwopolitèn nan. Plizyè katye popilè yo sibi afwontman ant gwoup ak zam k ap simen lawouze bal chak jou. Moun ki abite zòn sa yo pè epi yo blije bandone kay yo, pou yo pa touye yo. Se konsa sa ye nan Site Solèy ak nan Simon Pele. Moun sa yo boulvèse ak vyolans an gran kantite. Yo pa menm ka fin konte viktim yo paske gen anpil nan yo yo pa jwenn, gang ki te touye yo tou antere yo.

Sant Lavil la ak lòt zòn nan kapital la gen anpil vòlè ak zam k ap veye moun, pi souvan lè y ap sòti labank, pou dechèpye yo. Jounen jodi a, koze al labank la bay anpil kè sote.

Zòn Fontamara livre pou kont tèt li, pa gen moun ki ka leve bonè pou pran lari si yo pa vle pran risk pou volè pa pran zafè yo oubyen asasine yo. Bandi yo menm defye lapolis

paske y ap opere ak zam alèz. Nan zòn sa a, gen menm dis moun ki te mouri ak bal nan peryòd la.

Lasalin limenm tou kontinye ap viv zak vyolans. Se anba redi ti machann ap degage yo avèk anpil difikilte. Chak jou y ap brake zam sou yo. Ak sa yo pran, zenglendo ak zam ap ranfòse kapital ekonomik òganizasyon kriminel yo.

Nan zòn Chann Mas, espesyalman sou plas piblik yo, vòlò ap dechèpiye moun depi solèy leve jouk lè l lanwit, alòske Komisarya polis Pòtoprens, baz CiMO ak Palè nasyonal la toupren.

Talè ap gen eleksyon ; afwontman ant gang nan lari ap bay imaj klè yon demach elektoral kote yo vle tabli yon kontwòl total nan divès zòn sa yo pou pèmèt enfluyans kèk lidè politik jwenn akonpayman zòn sa yo. Kijan fè moun sa yo ki ta vle dirije peyi a rantre fon konsa nan vyolans ? Enpinite ranfòse pouvwa chèf gang yo. Sitiyasyon sa a pèmèt nou wè byen e konprann kijan enstitisyon lapolis depase nan evenman ki lye ak zòn sa yo.

N ap kontinye denonse Konsèy Siperyè Polis Nasyonal la ki manke mete sou pye yon bon plan sekirite efikas. Ogàn sa a ki enpòtan anpil nan batay kont ensekirite, pa bay rezilta lè n gade sa k pase sou teren an. N ap fè sonje konpozisyon CSPN nan : Premye Minis la, Minis Lajistis la, Minis Enteryè ak Kolektivite Teritoryal yo, Minis Defans la ak Direktè Jeneral Lapolis la. Konsèy la reyini chak mwa epi li gen kòm misyon pou defini gran liy pou mete sekirite nan peyi a.

Trafik woutye

20 moun mouri nan aksidan machin pou trimès la. Nou obsève menm move pratik ki lakòz aksidan grav yo pa chanje. Lese ale otorite yo olye pou yo ta pi byen òganize trafik sou wout yo, montre nou pokò ap gen solisyon nan sitiyasyon sila a. Espesyalman gwo machin pwa lou yo k fè trafik moun kote senp sitwayen blije vwayaje nan move kondisyon. N ap salye bon jan amelyorasyon ki genyen nan kondisyon pou moun ap vwayaje ale nan vil pwovens yo, gras ak envèstisman sektè prive a.

Sasinay ak zam blanch

7 moun mouri anba zam blanch pandan peryòd la. Konsta a sanble montre genyen yon gwo diminisyon nan pratik revòltan sila a. Eske nou ka kwè moun yo kòmanse pran konsyans bagay sa a pa dwe fèt menm ? Men ki jan pou wè sa, lè n konstate an menm tan gen pi plis moun mouri ak bal toujou ?

Kèk refleksyon Movèz gouvènans ak vyolans an Ayiti

Depi anpil ane, Leta d Ayiti ap travèse yon kriz : yo kesyone epi yo afebli chapant yo ki kenbe kay Leta a. Anpil bagay te mennen nan sa : yo te fè koudeta kont gouvènman pèp la te mete selon lalwa ; yo t ap fè dechoukaj san vizyon ak san yo pa t konnen ki sa yo t ap mete nan plas ; otorite yo t ap aji tankou diktatè ; plizyè gouvènman youn dèyè lòt t ap refize fè sa Konstitisyon an mande.

Enstitisyon yo ki manke efikas bay kè sote. Enstitisyon yo pa itil popilasyon an pou asire sa k bon pou li, ki fè li pa jwenn akonpayman sèvis piblik yo. Sèvis yo ki mare ak edikasyon ak lasante fè fay, sèvis piblik Lajistis yo soufri maladi yon sistèm jidisyè ki mal mache ; pa gen pwoteksyon sosyal pou pi fò moun nan popilasyon an. Otorite yo pa aji tankou sèvitè k ap planifye yon denmen miyò pou moun yo ; yo sèvi ak pozisyon yo a pou anrichi tèt yo sou do gwo mizè pi fò moun ap viv.

Rezilta final nou jwenn se peyi a ki pa gen chapant moun kapab fè konfyans ; menm sistèm elektoral la ki dwe sèvi pou fè popilasyon an patisipe nan chwazi reprezantan l pa egziste. Sitou Lajistis, ki tankou dènye pwoteksyon sitwayen yo genyen kont tout ajisman abitè pa efikas epi li pwoteje enpinite ak pakèt koripsyon k ap devlope nan peyi a : Pa gen transparans nan administrasyon piblik ; zafè movèz gouvènans lan toupatou ; se youn nan gwo kòz yo nan sou devlopman peyi d Ayiti.

Movèz gouvènans sila a nan peyi d Ayiti pote kòm mak fabrik enpinite, koripsyon, move eleksyon, gagòt administratif nan kès Leta a. Pa gen pataj kòrèk nan nivo resous peyi a, yo fè move chwa politik ekonomik epitou pa gen sekirite.

Movèz konsekans yo anpil : awogans enpinite, koripsyon ki tankou yon taks sou do moun, pa gen limyè sou richès peyi a genyen, ak eleksyon bouyi vide ki akouche jounen jodi a yon sosyete ki eklate nan tout kò l.

- **Awogans enpinite**

Enpinite an Ayiti se yon kansè k ap detwi fonksyonman lavi enstitisyon peyi a. Lajistis pa pran responsablite l nan okenn konfli k ap dechire sosyete a. Okontrè, enpinite a ap ranfòse pouvwa gwoup gang yo ak tout kalite machanday k ap fèt nan zafè politik. **Ki jan pou n konprann lagras Prezidan an te akòde bay plis pase 300 moun, plizyè nan yo pa t menm jije e kondane, epi gen nan yo ki lapoula t al reprann sèvis yo kòm moun k ap simen laterè nan katye yo ?**

- **Taks koripsyon an**

Koripsyon an se tankou yon taks ki lou anpil sou do sitwayen ayisyen yo. Se yo menm ki blije peye sa lalwa pa t prevwa pou chak sèvis yo bezwen. Koripsyon an kokobe ekonomi ayisyèn nan seryèzman. Koripsyon an fèt ak awogans, li antre nan tout sektè lavi peyi a, epi li se yon antrav pou devlopman peyi a. Lajistis tou viktim anba l, sa vle di **sitwayen an pèdi dènnye refij li te genyen ki dwe pwoteje l kont tout zak abitrè ak gwo ponyèt otorite yo.**

Koripsyon an mennen nan kesyon dwòg la. Tanzantan lapolis fè konnen yo sezi dwòg nan peyi a, tankou dènyeman nan zòn Mòl Sen Nikola. Gen lòt zòn lapolis ak lajistis pa kapab pwoche tankou zòn Pestel la. Gen anpil kesyon ki rete sou fason gang yo jwenn kòb pou peye zam ak bal. Sitou lyen ki mare vyolans ak politik la poze anpil kesyon epi li bay kè sote.

Yo t ap nonmen peyi d Ayiti nan zafè dwòg (ak lòt kalite trafik tou) depi sou diktati Divalye yo. Machin ofisyèl t ap chèche dwòg kote yo te lage l jis nan Nòdès, sou zile Lagonav ak nan Sid peyi a. Sistèm diktati a te fasil pou òganize e ankouraje kòmès dwòg la, ki nan men yon rejim fò. Men yon Leta fèb tou, jan sa ye jodi a, ki pote mak fabrik koripsyon, enpinite ak feblès enstitisyon ki te dwe efikas ak fyab, louvri pòt peyi a byen laj pou tout kalite trafik tankou zam ak dwòg kapab pase ladan l ; li kreye kondisyon pou yo kapab vann pwòp popilasyon an nan trafik moun nan tout kalite pratik ilegal nan migrasyon pou fè moun pati nan lòt peyi.

- **Eleksyon ak magouy**

Plizyè eleksyon yo te dwe reyalize nan peyi a pa t fèt nan moman Konstitisyon an mande sa, paske politisyen yo nan pouvwa t ap fè kalkil sou moman ki bay plis avantaj. Konsa yo boulvèse tout bon fonksyonman enstitisyon demokratik yo.

Plis toujou, toujou gen magouy ak vyolans nan eleksyon yo. Sa fè n wè moun ki vle yon manda nan men pèp la pa kwè nan pwosesis demokratik la yo dwe defann ; yo kwè pitou se ak riz ak magouy yo dwe pran pouvwa.

- **Jesyon twoub richès peyi a genyen**

Richès peyi a genyen pa janm rive pataje yon fason ekkitab, konsa genyen yon gwo konfli sosyal anndan peyi a. Yon ti gwoup moun pran tout sa peyi a genyen pou li, majorite a manke sa k pi nesèsè. Sitiyasyon sa a pwodui yon sosyete kote k gen konfwontasyon ak vyolans.

Mete sou sa transparans ki pa genyen lè otorite Leta yo ap negosye kontra sou resous peyi a genyen, tankou kontra k ap fèt sou min yo ak lòt richès natirèl tè d Ayiti a sere anba l. Otorite yo pa konsidere enterè pèp ayisyen an kòm sa dwa. Ta dwe genyen anpil transparans nan jan yo esplwate resous natirèl peyi a genyen, lè n wè bezwen pèp Ayisyen an, ak egzijans anviwònman an genyen.

- **Move chwa nan politik ekonomik**

Depi plizyè ane, dirijan nou yo mete sou pye yon politik neyoliberal ki gen konsekans grav nan lavi ekonomik ak sosyal peyi a. Byen yo ak sèvis yo pa sikile selon egzijans sa ki byen òganize. Peyizan yo, pa egzant, toujou pa jwenn kredi pou travay epi pou pwoteje yo kont tout kalite risk.

Lajan nasyonal la, goud la, pèdi valè l chak jou pi plis, paske nou pa gen yon pwodiksyon nasyonal, epi pa gen politik pou bay pwodiksyon nasyonal la jarèt. Peyi a vin yon peyi konsomatè ki kenbe paske dyaspora lòtbò a voye lajan ba nou. Ekonomi an oryante sou sa k pase deyò, alèksteryè peyi a.

Konsekans movèz gouvènans la

Diferan epòk difisil peyi a te konnen nan istwal pote mak fabrik latwoublay politik ki gen gwo konsekans negatif pou lavni peyi a. Movèz gouvènans, absans yon vizyon klè ak yon plan bò kote otorite Leta yo ap pwodui vyolans nan diferan kouch sosyete a. Gwo konfli sosyal ki genyen an se yon menas pou lapè nan peyi nou pataje ansanm nan.

Me Rovelsond Apollon, Av.

Men kisa Komisyon Jistis ak Lapè rekòmande

1. Pou kwape machin ensekirite nan katye popilè yo

- a) Komisyon Jistis ak Lapè ap ankouraje politisyen yo, tout moun ki vle kandida nan eleksyon anndan katye popilè yo nan kapital la, pou yo **chèche sa k nan enterè pèp la vrèman**, paske se yo menm yo vle sèvi. Se pou yo travay pou lapè ki pa dakò ak fòs brital zam yo.
- b) Komisyon Jistis ak Lapè ap ankouraje diferan pati ak gwoupman politik yo, ansanm ak òganizasyon baz yo nan katye popilè yo pou yo **chèche kote yo kapab kreye antant antre yo**, epi pou yo siyen pak [oswa antant] pou yo pa sèvi ak vyolans pandan pwosesis elektoral la.
- c) Komisyon an rekòmande pou lapolis lanse yon seri inisyativ pou **reyalize dezameman** tout gwoup ki gen zam k ap fè krim nan Site Solèy, Simon-Pele ak nan tout lòt katye ki gen vyolans ladan yo nan zòn metwopolitèn nan.
- d) Komisyon an rekòmande pou pakè yo [komisè Gouvènman yo], ki se ajan Leta a, pran inisyativ pou monte yon komisyon ankèt endepandan avèk moun ki gen konesans nan domèn nan, moun k ap travay nan dwa moun ap asiste, pou **mete aklè ki sa k lakòz moun mele nan vyolans**, epi pou fikse ki reskonsablite moun ki mele ladan yo genyen.
- e) Komisyon an rekòmande pou Lajistis pran sanksyon kont tout moun ki otè oswa ki reskonsab krim terib sa yo k ap fèt nan katye popilè yo ak lòt kote tou.
- f) Lè n konsidere kantite moun k ap viv nan Site Solèy, Simon Pele ak nan lòt zòn toujou, li enpòtan pou lapolis **ogmante kantite polisye yo** nan zòn sa yo. Nan peyi a genyen yon polisye pou 1000 abitan ; Komisyon an rekòmande pou nan katye popilè yo, yo afekte yon polisye pou chak 500 abitan. Sa vle di, yon popilasyon 300.000 moun ta dwe genyen 600 polisye. Eske se mande twòp, lè n konsidere pakèt polisye ki detache pou asire sekirite kèk VIP ak kèk lòt anplwaye nan Leta ?
- g) Komisyon Jistis ak Lapè rekòmande pou Egzekitif la **ranfòse prezans Leta a ak diferan branch ak sèvis piblik li yo** nan zòn sansib yo, tankou : mete pi bon sèvis lasante tankou lopital, mete lekòl pwofesyonèl, mete lwazi ak pwogram asistans sosyal ki dirab, asire pi bon ankadreman sikolojik pou viktim vyolans. Si n vle lapè, se nan lapè nou dwe envèsti.

2. Ranfòse Leta pou l kapab asire sekirite piblik

- a) Konsèy Siperyè Lapolis Nasyonal la (CSPN) manke efikas nan sa k regade repons li bay sou sitiwayon sekirite nan zòn metwopolitèn nan ak nan peyi a an jeneral. Konsèy la dwe chanje metòd travay li pou mete sou pye yon vrè plan sekirite.

Komisyon Jistis ak Lapè rekòmande pou CSPN :

- a. Mete sou pye **yon plan sekirite espesyal pou mache piblik yo**, tankou Mache Kwabosal.
 - b. Oganize **pwòp sèvis ransèyman pa l**, pou l pa depann ak enfòmasyon ki mare ak gwoup ame yo.
- b) Komisyon an rekòmande pou Pouvwa Lejislatif la **amande lwa yo ki la sou zafè zam afe**, pou Leta a kapab pwoteje sitwayen ak sitwayèn yo nan peyi a pi byen.
 - c) Leta dwe garanti sekirite sitwayen yo ak diyite yo nan domèn sosyal. Komisyon Jistis ak Lapè rekòmande **pou Ministè Afè Sosyal vin pi aktif**, ansanm ak tout lòt sèvis Leta yo ki mache ak li. Se pou yo ranfòse diferan solisyon k ap dire epi ki nan avantaj gwoup sosyal ki sou kote yo.
 - d) Komisyon Jistis ak Lapè pwopoze pou Leta òganize yon seyans etid sou tout kalite trafik nan peyi a : zam, dwòg ak trafik moun.

3. Fòk Lajistis jwe wòl li genyen nan zafè sekirite

- a) Komisyon Jistis ak Lapè rekòmande pou tout aktè yo ki nan sistèm jidisyè a mennen yon lit toutbon kont enpinite ak koripsyon.

Sa vle di : **fòk Lajistis konbat ak fòs tout enpinite ak koripsyon ki genyen anndan sistèm nan** menm.

- b) Jij enstriksyon yo dwe **mennen ankèt yo yon fason efikas**, ak konpetans, epi respekte delè lalwa prevwa pou sa.
- c) Komisyon Jistis ak Lapè reprann diferan pwopozisyon Fowòm Sitwayen pou Refòm Lajistis gen tan fè pou **rive nan kondisyon pou komisè Gouvènman yo kapab fonksyone kòrèk**, pou Lajistis endepandan ak pouvwa politik yo.

Sa vle di, fòk Lejislatif la :

- Fè amandman atik nan an Konstitisyon ki mete komisè Gouvènman an pami pòs politik yo, Chèf Leta a nonmen yon fason dirèk.
- Chanje non l, pou fè komisè Gouvènman an tounen komisè Repiblik la.
- Fè amandman lwa sou CSPJ (Konsèy Siperyè Pouvwa Jidisyè a), pou bay CSPJ vrè wòl ki pou li a, pou l kapab kontwole sistèm jidisyè a yon fason efikas ak endepandan.

4. Kreve yon pi bon kad pou sikilasyon machin yo

Komisyon Jistis ak Lapè rekòmande pou reskonsab trafik woutye a kreve yon kad ki pi adapte pou sikilasyon machin yo.

Sa vle di:

- a) Yo dwe pran mezi, epi mete **règjwèt pou transpò piblik la** kote moun vwayaje ansanm.
- b) Yo dwe **egzije pou machin ofisyèl yo konpòte yo yon fason kòrèk** nan sikilasyon an. Yo dwe idantifye machin ki gen privilèj pi byen tankou anbilans, lapolis lè l nan sèvis, ak kèk otorite.
- c) Machin **Sèvis Leta (SE) yo dwe konfòme yo** ak règ trafik woutye Lejislatif la te apwouve epi ki la pou tout moun.
- d) Dwe gen bon jan règ pou **pèsonèl sekirite k ap pote zam an piblik**. Lè yo aji yon fason ki pa kòrèk, fòk yo pran sanksyon sevè kont yo.
- e) Yo dwe defann epi sanksyone chofè k ap sèvi ak **telefòn pòtab** lè y ap kondui machin.

Komisyon Episkopal Jistis ak Lapè

Analyse et commentaire du 53^{ième} rapport Sur la violence à travers la zone métropolitaine

Les faits saillants du trimestre

La Commission Episcopale Nationale Justice et Paix a documenté 284 cas de victimes de violence dont 252 ont été tuées par balle (ce qui signifie 88,73 %).

Le vent de la violence ne cesse de souffler dans la zone métropolitaine. Dans plusieurs quartiers populaires, des affrontements entre les gangs rivaux ont lieu quotidiennement. Les gens qui y habitent sont contraints d'abandonner leurs maisons par crainte de se faire tuer. C'est le cas de Cité Soleil et de Simon-Pelé, où les gens sont pétrifiés par la violence depuis plusieurs mois. Le nombre exact des victimes est difficile à saisir, parce que souvent les corps des personnes tuées sont enterrés par les gangs sans autre forme de procès.

Le Centre Ville et autres zones de la capitale sont les lieux où de nombreuses actes de vol à main armée sont perpétrés, particulièrement quand les gens sortent des banques.

La zone de Fontamara est livrée à elle-même ; personne ne peut prendre le risque de sortir à l'aube du matin, sans courir le risque de se faire dépouiller ou de se faire tuer. Les bandits défient la police et opèrent avec une aisance incroyable au cours des vols à main armée. Dans cette zone, une dizaine de personnes ont été tuées par balle au cours de la période.

Lassaline également continue à connaître des actes de violence. Les petites marchandes exercent leur activité de commerce avec grande difficulté, parce que quotidiennement, elles sont victimes des actes de braquage. Ces vols bénéficient aux organisations criminelles et renforcent leur capital économique.

Dans l'aire du Champs de Mars, particulièrement sur les places publiques, des voleurs opèrent bon nombre de braquages sur les gens du matin au soir. Ce qui est vraiment étonnant, c'est que tout se passe à proximité du Commissariat de la police de Port-au-Prince, la base du CIMO et du Palais national.

Les élections vont avoir lieu prochainement. Les affrontements entre les gangs rivaux illustrent clairement une démarche électorale qui vise à établir un contrôle plein et entier de certaines zones, en vue de développer des zones d'influence en faveur de tel ou tel politicien ou autorité. Comment se fait-il que des gens qui veulent diriger le pays s'acharnent pour ces activités de violence ? L'impunité renforce le pouvoir des gangs. Ceci permet de comprendre comment l'institution policière est dépassée par les événements liés à ces zones.

Nous continuons à dénoncer le Conseil Supérieur de la Police National (CSPN) qui manque de mettre sur pied un bon plan de sécurité efficace. Cet organe combien important est contreproductif en termes de résultats sur le terrain. Pour mémoire, rappelons la composition du CSPN : Le Premier Ministre, le Ministre de la Justice, le Ministre de l'Intérieur et des Collectivités territoriales, le Ministre de la Défense et le Directeur Général de la PNH. Le Conseil se réunit chaque mois ; il a comme rôle de définir les grandes lignes sécuritaires du pays.

Le trafic routier

20 personnes sont décédées dans des **accidents de la circulation**. Les mauvaises pratiques qui produisent des accidents regrettables ne sont pas toujours pris en compte. Les autorités restent passives et ne cherchent pas à mieux organiser le trafic routier ; surtout le trafic des poids lourds et le trafic en commun où le simple citoyen est contraint de voyager dans des conditions lamentables. Nous saluons les améliorations substantielles dans les conditions de voyage vers les villes de province, grâce aux investissements du secteur privé.

Assassinat par arme blanche

7 cas d'assassinat par **arme blanche** ont été observés au cours de la période. Le constat semble indiquer qu'il y aurait une nette diminution de pareilles pratiques. Peut-on croire que les gens commencent à prendre conscience qu'il s'agit d'une pratique barbare ? Mais comment comprendre cela face au nombre croissant des morts par balles ?

Nos considérations

Mauvaise gouvernance et violence en Haïti

Depuis un bon nombre d'années, l'Etat haïtien connaît une remise en question et un affaiblissement systématique de ses structures. De nombreux facteurs y ont contribué : les coups d'Etat contre des gouvernements légitimement élus ; les déchoquages répétés sans vision de vraies alternatives ; les reflexes dictatoriaux des gouvernants ; les refus des gouvernements successifs de mettre en œuvre les prescrits de la Constitution.

La faible performance des institutions étatiques est inquiétante, parce qu'elles n'arrivent pas à se rendre utiles pour le bien être de la population qui est globalement privée des services publics. Les services éducatifs et sanitaires sont défectueux, les services public de la Justice souffrent du mauvais fonctionnement du système judiciaire lui-même ; la protection sociale est totalement absente pour la grande majorité de la population. Les dirigeants ne se comportent pas comme des serviteurs qui cherchent à planifier un mieux être pour les gens ; ils utilisent leur position pour s'enrichir et profiter au mépris de la misère noire vécue par la grande majorité de la population.

Le résultat est que finalement le pays est dépourvu de structures étatiques fiables ; même les fonctions électives où la population doit donner sa propre contribution à travers des élections sont inexistantes. Surtout la Justice, dernier rempart du citoyen et de la citoyenne contre l'arbitraire est inefficace et cautionne l'impunité et la corruption qui se développent en absence de la transparence dans l'administration publique ; la mauvaise gouvernance est systématique. Ce sont des causes majeures du sous développement du pays.

Cette mauvaise gouvernance est caractérisée par l'impunité, la corruption, des élections frauduleuses, l'incurie administrative au niveau des caisses de l'Etat, le partage non équitable des ressources du pays, le mauvais choix de politique économique, l'absence de sécurité.

Les fruits de tout cela sont: l'arrogance de l'impunité, l'impôt de la corruption, l'opacité dans les richesses du pays, le tout traversé par des élections frauduleuses accouchant une société émietlée et divisée.

- **L'arrogance de l'impunité**

L'impunité déstabilise l'ordre de la vie institutionnelle du pays. A preuve la Justice ne garantit aucune sécurité dans les conflits qui traversent la société. L'impunité par contre renforce le pouvoir des gangs et le marchandage politique. Certaines décisions prises n'aident pas à la lutte contre la violence et renforcent l'impunité. **Comment comprendre la grâce présidentielle accordée à plus de 300 personnes, dont plusieurs n'étaient pas condamnées, et d'autres ont repris toute de suite leur triste besogne comme chefs de la terreur dans leurs quartiers ?**

- **L'impôt de la corruption**

La corruption constitue une sorte d'impôt très lourd pour les citoyens et citoyennes haïtiens. Ce sont eux qui paient des frais non prévues par la loi pour chaque service. La corruption porte d'ailleurs de sévères coups à l'économie haïtienne. Elle s'impose avec arrogance, elle pénètre tous les secteurs de la vie nationale et empêche le développement du pays. Si la Justice également est victime de la corruption, **le citoyen perd le dernier rempart qui peut le protéger contre l'arbitraire et la toute puissance des autorités.**

La corruption conduit à la question de la drogue. Régulièrement des saisis de drogue sont mentionnés à travers le pays, comme récemment dans la zone de Môle Saint Nicolas. D'autres zones sont inaccessibles pour la police et la justice haïtienne, comme la zone de Pestel. De nombreuses questions se posent sur le financement des gangs et leur approvisionnement en armes et munitions. Surtout le lien qui existe entre la violence et la politique soulève des inquiétudes.

Le pays était réputé pour le trafic de la drogue (et autre formes de trafic) sous la dictature des Duvalier. Des voitures officielles allaient récolter la drogue jusque dans le Nord-est, l'île de la Gonâve et dans le Sud. L'Etat dictatorial favorisait le commerce des stupéfiants et le remettait

entre les mains du régime au pouvoir. L'Etat faible d'aujourd'hui, marqué par la corruption, l'impunité et l'absence d'institutions performantes et fiables ouvre le pays comme terre de transit pour toutes sortes de trafic comme le trafic d'armes et de la drogue ; elle crée même des conditions pour la commercialisation de sa propre population ou trafic des personnes livrées à la migration clandestine vers d'autres rives.

- **Des élections frauduleuses**

Plusieurs élections n'ont pas été organisées dans le pays au moment voulu par la Constitution, suite aux calculs politiques des gens au pouvoir. Le fonctionnement normal des institutions démocratiques a ainsi été totalement bouleversé.

En plus, les élections sont toujours entachées de fraudes et de violence qui font croire que ceux qui se lancent dans la conquête d'un mandat populaire ne croient pas au processus démocratique qu'ils sont appelés à défendre ; ils font foi plutôt à la ruse et la fraude pour s'emparer du pouvoir.

- **L'opacité dans la gestion des richesses du pays**

Le partage non équitable des richesses du pays révèle les profondes fractures sociales existantes. Une minorité accapare toutes les richesses du pays alors que la grande majorité manque le nécessaire. Une société de confrontation et de violence en est le résultat.

Vient s'ajouter l'absence de transparence dans les négociations et contrats des ressources minières par les autorités étatiques et dans les autres transactions qui concernent l'exploitation des richesses du sous-sol haïtien, sans prendre en compte l'intérêt du peuple. L'exploitation des ressources naturelles devraient se faire en toute transparence, tenant compte des besoins de la population, tout en respectant les exigences de l'environnement.

- **Le mauvais choix de politique économique**

La politique néolibérale mise en œuvre par les dirigeants depuis plusieurs années entraîne des conséquences néfastes pour la vie économique et sociale du pays. La circulation des biens et des services ne se font pas dans un climat où tout est bien organisé. Les paysans par exemple sont exclus du crédit qui pourrait les protéger contre les risques.

La monnaie nationale se déprécie de jour en jour, la production nationale est quasi inexistante, une politique pour relancer la production agricole fait défaut. Le pays est devenu un état de consommation qui se tient grâce au transfert de fonds de la diaspora. L'économie haïtienne est totalement extravertie ou tournée vers l'extérieur.

Conséquence de la mauvaise gouvernance

Les différentes périodes de la récente histoire du pays ont été marquées par des troubles politiques qui ont un sévère impact négatif sur le devenir du pays. La mauvaise gouvernance du pays, l'absence de vision et de plan de la part des autorités étatiques engendre la violence dans les différentes strates de la société qui est marquée par une fracture sociale qui menace la paix de la patrie commune.

Me Rovelsond Apollon, av

Recommandations de la Commission Justice et Paix

1. Améliorer la situation sécuritaire dans les quartiers populaires

- a) La Commission Justice et Paix exhorte les politiciens et futurs candidats aux postes électifs qui concernent les quartiers populaires dans la capitale, à **chercher le vrai intérêt des populations** qu'ils veulent servir, à travailler sincèrement pour la paix qui exclut la violence brutale des armes.
- b) La Commission Justice et Paix exhorte les différents partis, factions politiques et les organisations de base dans les quartiers populaires à **chercher des terrains d'entente et de conclure des pactes de non violence** en vue des élections.
- c) La Commission recommande à la Police nationale de lancer des **initiatives de désarmement des groupes armés** criminels à Cité Soleil, à Simon-Pelé et dans les autres quartiers réputés violents de la zone métropolitaine.
- d) La Commission recommande à l'Etat en la personne du Parquet d'ordonner la mise en place d'une commission d'enquête indépendante avec des experts en la matière, assisté par des agents en droits humains, pour **établir les causes des violences et de déterminer les responsabilités** des personnes impliquées.
- e) La Commission recommande à la Justice de **sanctionner les auteurs responsables de crimes odieux** dans les quartiers populaires et ailleurs.
- f) Vu la grande densité de la population de Cité Soleil et de Simon Pelé et autres zones sensibles, il est important d'y **affecter un nombre plus élevé de policiers**. Si la moyenne pour le pays est d'un policier pour 1.000 habitants, la Commission Justice et Paix recommande d'affecter une moyenne d'un policier pour 500 habitants. Cela signifierait pour une population de 300.000 personnes un effectif de 600 policiers. Serait-ce impossible, si on considère le nombre de policiers directement détachés pour la sécurité des VIPs et autres employés de l'Etat ?

- g) La Commission Justice et Paix recommande à l'Exécutif une présence constante de l'Etat dans ses différentes composantes **et services sociaux publics dans les zones sensibles**, tels que : améliorer les services sanitaires comme les services hospitaliers, la formation professionnelle, les loisirs, des programmes d'assistance sociale durables, encadrement psychologique pour victimes de la violence. Si on veut la paix, il faut investir dans la paix.

2. Renforcer l'Etat pour remplir son rôle d'assurer la sécurité publique

- a) Le Conseil Supérieur de la Police Nationale manque d'efficacité par rapport à la réalité sécuritaire de la zone métropolitaine et du pays en général. Le Conseil doit revoir ses méthodes de travail et établir un vrai plan de sécurité.

La Commission Justice et Paix recommande au CSPN

1. D'élaborer **un plan de sécurité adapté aux marchés publics** comme celui de la Croix des Bossales.
 2. Que la police ait **son propre service de renseignement** afin de ne plus dépendre des informateurs liés aux groupes armés.
- b) La Commission recommande au Pouvoir Législatif de **revoir la législation sur la circulation des armes à feu** en vue de protéger mieux les citoyens et citoyennes et le pays en général.
- c) L'Etat doit garantir la sécurité des gens et leur dignité en matière sociale. La Commission Justice et Paix recommande **d'activer les interventions du Ministère des Affaires Sociales** et les services liés à elle, en vue de renforcer des solutions durables au bénéfice des groupes sociaux marginalisés.
- d) La Commission Justice et Paix suggère l'organisation d'une assise sur le trafic des armes, le trafic de la drogue et le trafic des personnes dans le pays.

3. Porter la Justice à remplir son rôle dans la quête de sécurité

- a) La Commission Justice et Paix recommande aux acteurs du système judiciaire de **mener une lutte conséquente contre l'impunité et la corruption**.

Ceci exige de combattre avec détermination l'impunité et la corruption dans son propre sein.

- b) Les juges d'instruction doivent mener leurs **enquêtes avec efficacité et compétence** dans les délais leurs impartis par la loi.
- c) La Commission Justice et Paix, dans la ligne des propositions faites par le Forum Citoyen pour la Réforme de la Justice, recommande une **normalisation du cadre dans**

lequel fonctionnent les commissaires du Gouvernement, en vue d'une Justice plus efficace et indépendante des pouvoirs politiques.

Ceci demande du Pouvoir Législatif de :

- Amender la Constitution qui situe les commissaires du Gouvernement parmi les postes politiques à nommer directement par le Chef de l'Etat.
- Changer l'appellation commissaire de Gouvernement, pour en faire le commissaire de la République.
- Amender la Loi sur le CSPJ (Conseil Supérieur du Pouvoir Judiciaire) pour donner au CSPJ le rôle qui lui revient pour un fonctionnement et contrôle efficace et indépendant du système judiciaire.

4. Créer un cadre adapté pour la circulation routière

La Commission Justice et Paix recommande aux responsables du trafic routier de créer un cadre adapté pour la circulation routière.

Ceci implique :

- a) Des **mesures et règles adaptées pour le transport en commun**.
- b) Des **comportements corrects des voitures officielles** et autres qui se réservent des privilèges dans le trafic. Les voitures qui ont des privilèges doivent être clairement identifiées comme les ambulances, la police en service, certaines autorités.
- c) Les personnes au **service de l'Etat (SE) par contre doivent se conformer aux règles** du trafic routier qui sont approuvées par le Législatif et qui valent pour tous.
- d) **Le port d'armes à feu** par le personnel de sécurité doit être strictement réglementé. Tout usage abusif doit être sévèrement sanctionné.
- e) **L'usage du téléphone portable derrière le volant** doit être défendu et sanctionné.

La Commission Episcopale Justice et Paix

Tablo zak vyolans pou mwa oktòb 2014

Jou ak dat ak lè	Enfòmasyon sou non viktim nan	Viktim gason /fanm	Esplikasyon nou ranmase sou aksyon ki pase a	Ki kote, zòn, katye	Ki sa ki touye viktim nan	Sou idantite otè zak la
Jedi 2 oktòb 2014 nan lajounen	Mercier Fatal	Gason	Machin frape viktim nan pandan li nan lari, kouri ak li nan sal ijans li mouri.	Pòtoprens, Lopital Jeneral	Aksidan machin	chofè a
Jedi 2 oktòb 2014 nan lajounen	Yon jèn gason yo pa idantifye	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, Ri Pave ak Mirak	Bal nèg yo pa idantifye	Nèg ak zam
Vandredi 3 oktòb 2014 nan lajounen	Yon jèn gason yo pa idantifye	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Petyonvil	Bal nèg yo pa idantifye	Nèg ak zam
Vandredi 3 oktòb 2014 nan lajounen	Etève Lafontant	Gason	Viktim nan mouri nan aksidan machin.	Pòtoprens, Lopital Jeneral	Aksidan machin	Chofè a
Vandredi 3 oktòb 2014 nan lajounen	Jean Julio Max	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Kafou	Bal nèg yo pa idantifye	Nèg ak zam
Vandredi 3 oktòb 2014 nan lajounen	Guito AC	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Dèlma 2, kanal ôfelen	Bal nèg yo pa idantifye	Nèg ak zam
Vandredi 3 oktòb 2014 nan lajounen	Yon jèn gason yo pa idantifye	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, Ri Dikè	Bal nèg yo pa idantifye	Nèg ak zam
Vandredi 3 oktòb 2014 nan lajounen	Yon jèn gason yo pa idantifye	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Kafou, Gresye	Bal nèg yo pa idantifye	Nèg ak zam
Samdi 4 oktòb 2014 nan lajounen	St Fort AC	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Boulva Jan Jak Desalin	Bal nèg yo pa idantifye	Nèg ak zam
Dimanch 5 oktòb 2014 nan lajounen	Edson Derisma	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Kwadèboukè	Bal nèg yo pa idantifye	Nèg ak zam
Dimanch 5 oktòb 2014 nan lajounen	Frantz Eberle Joseph	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Kwadèboukè	Bal nèg yo pa idantifye	Nèg ak zam
Dimanch 5 oktòb 2014 nan lajounen	Augustin Yvens	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, Sant vil la	Bal nèg yo pa idantifye	Nèg ak zam
Lendi 6 oktòb 2014 nan lajounen	Yon jèn gason yo pa idantifye	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, Boulva J.J Desalin	Bal nèg yo pa idantifye	Nèg ak zam
Lendi 6 oktòb 2014 nan lajounen	Cherisma Vilnord	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, Ri Dèranpa	Bal nèg yo pa idantifye	Nèg ak zam
Lendi 6 oktòb 2014 nan lajounen	Lucson Denevard	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens Matisan, 5e Avni Bòlòs, Karidad	Bal gang	Gang

Jou ak dat ak lè	Enfòmasyon sou non viktim nan	Viktim gason /fanm	Esplikasyon nou ranmase sou aksyon ki pase a	Ki kote, zòn, katye	Ki sa ki touye viktim nan	Sou idantite otè zak la
Lendi 6 oktòb 2014 nan lajounen	Yon jèn gason yo pa idantifye	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, Ri Kapois ak Nikolas	Bal nèg yo pa idantifye	Nèg ak zam
Lendi 6 oktòb 2014 nan lajounen	Yon jèn gason yo pa idantifye	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens Matisan, 5e Avni Bòlòs	Bal gang	Gang
Madi 7 oktòb 2014 nan lajounen	Yon jèn gason yo pa idantifye	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Kafoufèy, Mache Tunel	Bal nèg yo pa idantifye	Nèg ak zam
Mèkredi 8 oktòb 2014 nan lajounen	Jean Gelot	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Dèlma	Bal nèg yo pa idantifye	Nèg ak zam
Mèkredi 8 oktòb 2014 nan lajounen	Jackenson AC	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, Ri Dewou	Bal nèg yo pa idantifye	Nèg ak zam
Mèkredi 8 oktòb 2014 nan lajounen	Benoit Michael	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, Ri O.Diran	Bal nèg yo pa idantifye	Nèg ak zam
Mèkredi 8 oktòb 2014 nan lajounen	Amboise Paul	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, Ri O.Diran	Bal nèg yo pa idantifye	Nèg ak zam
Mèkredi 8 oktòb 2014 nan lajounen	Yon jèn gason yo pa idantifye	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Site solèy, zòn sikwi	Bal nèg yo pa idantifye	Nèg ak zam
Mèkredi 8 oktòb 2014 nan lajounen	Yon jèn gason yo pa idantifye	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Site solèy, zòn sikwi	Bal nèg yo pa idantifye	Nèg ak zam
Jedi 9 oktòb 2014 nan lajounen	Jean Fenelesse	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Kafou, Fontamara 27	Bal nèg yo pa idantifye	Nèg ak zam
Samdi 11 oktòb 2014 nan lajounen	Yon jèn gason yo pa idantifye	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Kafou	Bal nèg yo pa idantifye	Nèg ak zam
Samdi 11 oktòb 2014 nan lajounen	Val Mario	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, Ayeopò	Bal nèg yo pa idantifye	Nèg ak zam
Samdi 11 oktòb 2014 nan lajounen	Yon jèn gason yo pa idantifye	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Matisan 23, wout Dal	Bal gang	Gang
Samdi 11 oktòb 2014 nan lajounen	Peterson Samedi	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, Ri Dikè	Bal nèg yo pa idantifye	Nèg ak zam
Dimanch 12 oktòb 2014 nan lajounen	Yon jèn gason yo pa idantifye	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Dèlma, Dèlma 19	Bal nèg yo pa idantifye	Nèg ak zam
Dimanch 12 oktòb 2014 nan lajounen	Jean Louis Anel	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Maryani	Bal nèg yo pa idantifye	Nèg ak zam

Jou ak dat ak lè	Enfòmasyon sou non viktim nan	Viktim gason /fanm	Esplikasyon nou ranmase sou aksyon ki pase a	Ki kote, zòn, katye	Ki sa ki touye viktim nan	Sou idantite otè zak la
Dimanch 12 oktòb 2014 nan lajounen	Yon jèn gason yo pa idantifye	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Dèlma, Dèlma 75	Bal nèg yo pa idantifye	Nèg ak zam
Dimanch 12 oktòb 2014 nan lajounen	François Jean-Mary	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, Boulva Hary Trouman	Bal nèg yo pa idantifye	Nèg ak zam
Madi 14 oktòb 2014 nan lajounen	St Louis Romario	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, Plas Desalin channmas	Bal nèg yo pa idantifye	Nèg ak zam
Madi 14 oktòb 2014 nan lajounen	Rodrigue Victorin	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Gresye	Bal nèg yo pa idantifye	Nèg ak zam
Madi 14 oktòb 2014 nan lajounen	Ancène Therèse	Fanm	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, lasalin mache chou	Bal nèg yo pa idantifye	Nèg ak zam
Madi 14 oktòb 2014 nan lajounen	Clausette Adonise	Fanm	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Dèlma 33, Ri Kawas	Bal nèg yo pa idantifye	Nèg ak zam
Madi 14 oktòb 2014 nan lajounen	Lerissm Bez	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, ri Dèranpa	Bal nèg yo pa idantifye	Nèg ak zam
Mèkredi 15 oktòb 2014 nan lajounen	Yon jèn gason yo pa idantifye	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens Kafou	Bal nèg yo pa idantifye	Nèg ak zam
Jedi 16 oktòb 2014 nan lajounen	Wa AC.	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Site Solèy, Bwanèf	Bal gang	Gang
Jedi 16 oktòb 2014 nan lajounen	Bekekin AC.	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Site Solèy, Bwanèf	Bal gang	Gang
Jedi 16 oktòb 2014 nan lajounen	Emile Datilus	Gason	Nèg ak zam yo pa idantifye touye viktim nan ak plizyè bal.	Pòtoprens, Ri Dikè	Bal nèg yo pa idantifye	Nèg ak zam
